



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AARP AK ÒGANIZASYON MONDYAL LASANTE A DEZIYEN NEW YORK KÒM PREMYE ETA NAN NASYON AN KI ADAPTE A GRANMOUN AJE YO

Sante Global nan New York Klase Pami 10 Premye nan Nasyon an 2017

Deziyasyon an Sipòte Efò Gouvènè a ap Fè pou l Vanse Sante Atravè Tout Inisyativ Politik yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Asosiyasyon Ameriken pou Moun ki nan Retrèt yo (American Association of Retired Persons, AARP) ak Òganizasyon Mondyal Lasante a (World Health Organization, WHO) te deziyen New York kòm premye eta nan nasyon an ki adapte a granmoun aje yo. Akonplisman sa se rezilta enstriksyon Gouvènè a te bay pou enkli sante nan kad elaborasyon politik ajans eta a yo, yon efò ki pral kreye plis kominote abitab pou moun ki gen tout laj epi k ap pèmèt plis Nouyòkè vyeyi nan yon fason konfòtab lakay yo.

“Administrasyon sa a te travay pou l kreye kominote abitab ki sipòte bezwen inik granmoun aje yo epi ki amelyore kalite lavi tout Nouyòkè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan n ap kontinye sipòte efò devlopman kominotè yo k ap pote opòtinite sante ak byenèt pou rezidan yo, se yon lonè pou de òganizasyon sa yo ki pi prestijye nan mond lan rekonèt nou pou yo tabli New York kòm premye eta nan nasyon an ki adapte a granmoun aje yo.”

Pou nou te ka atenn deziyasyon sa a, New York te klase byen wo pami uit domèn kominote abitab ki adapte a granmoun aje WHO ak AARP dekri yo, ki gen ladan:

- Espas anplennè ak bilding yo;
- Sèvis Transpò;
- Lojman;
- Patisipasyon Sosyal;
- Respè ak enklizayon sosyal;
- Travay ak angajman sivik;
- Kominikasyon ak enfòmasyon; epi
- Kominote ak sèvis sante.

New York te klase tou pami 10 premye eta nan nasyon an pou sante, yon nivo pi elve pase klasman 40èm eta ki pi an sante li te ye an 1990 la. Sa make pi gran gen nan lespas senk an pami tout 50 eta yo nan [rapò](#) Klasman Sante Ozetani pou ane 2017 la (America's Health Rankings).

Nouvo inisyativ Sante Atravè tout Politik (Health Across All Policies) Gouvènè a te anonse nan Diskou Eta Leta ane 2017 la, sipòte efò pou l vin tounen yon eta ki adapte a granmoun aje yo, pou enkòpore sante ak vyeyisman an sante nan elaborasyon desizyon Ajans Eta a yo. Apwòch sa a itilize objektif [Ajanda Prevansyon](#) Depatman Sante Eta New York la yo, ki se plan direktè pou amelyore sante tout Nouyòkè nan senk domèn priorite epi redwi disparite nan zafè sante a yo. Pou atenn objektif sa yo, ki gen ladan rediksyon to obezite ak dyabèt, amelyorasyon sante anviwonmantal, ak amelyorasyon sèvis sante mantal yo, pral mande yo prete atansyon a deseri faktè ki andeyò sante, tankou aksè a espas anplennè ak manje ki bon pou lasante, ak amelyorasyon edikasyon, lojman ak djòb.

Nan Diskou Eta Leta ane 2017 la, Gouvènè Cuomo te mete ajans eta yo an chaj pou yo ka rive resevwa deziyasyon kòm premye eta ki adapte a granmoun aje yo. Evènman an make akonplisman an epi li vini ansanm ak pi gran ak youn nan òganizasyon sansibilizasyon ki pi aktif Ozetazini, k ap siyale rezon ki fè *baby-boomers* yo dwe rete ak demenaje vin nan Eta New York la. Minisipalite toupatou atravè peyi a yo te resevwa deziyasyon ki adapte a granmoun aje yo, men jiskaprezan, poko gen okenn eta ki resevwa onè sa a.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te fè anpil pwogrè pou vin yon eta ki adapte a granmoun aje yo. Depi 2012, Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a (New York State Office for the Aging) ak Depatman Leta Eta New York la (New York State Department of State) t ap travay an kolaborasyon sou [Inisyativ yon New York Abitab la](#) (Livable New York Initiative), ki gen pou objektif pou sipòte devlopman kominote ki pi abitab toupatou atravè eta a. Efò milti-ajans sa a te lakoz etablisman yon gid resous asistans teknik pou gide minisipalite yo pandan y ap chache pran desizyon planifikasyon konsènan amelyorasyon abitabilite ak mobilite.

An 2017 la, Gouvènè a te anonse tou lansman premye [aplikasyon telefòn sililè pou sèvis granmoun aje yo](#) toupatou nan eta a pou konekte adilt aje yo ak pwofesyonèl swen ki gen resous ak sèvis itil onivo lokal, ki gen ladan enfòmasyon sou sante ak byenèt, lojman, opsyon transpò, pami lòt ankò. Aplikasyon telefòn sililè pou sèvis granmoun aje yo Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a mete enfòmasyon moun ka konprann byen fasil nan men Nouyòkè aje yo, k ap ede yo rete an sante epi konekte yo ak kominote kote y ap viv la.

Nan kad angajman 10 milya dola House NY 2020 Gouvènè Cuomo a, Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te deja kreye 8,659 inite lojman pou adilt aje yo depi 2011 - 1,270 ladan fè pati plan House NY 2020 an. Plan gen pou objektif pou tabli ak prezève plis pase 100,000 inite lojman abòdab toupatou atravè eta a avan fen 2020 an.

Gouvènè a te atribiye 10 milyon dola bay 10 zòn sant vil onivo rejyonal de fwa nan kad Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative), nan premye faz ak dezyèm faz la an 2016 ak an 2017. Anpil aplikasyon te enkli eleman planifikasyon ak

revitalizasyon ki pral rann kominote sant vil yo vin pi abitab, ki gen ladan prezans espas a izaj miks, lojman nan nivo abòdabilite varye, ak lari kote moun ka manche a pye ak monte bekàn alafwa pou ankouraje rezidan ki gen tout laj yo vin gen abitud ki bon pou lasante.

Anplis de sa a, yo te òganize 10 konferans sou Devlopman Dirab ak Gouvènans Kolaborativ rejonan ane pase pou diskite sou benefis planifikasyon kominote dirab ak sètifikasyon kominote ki adapte a granmoun aje yo. Evènman te ede pwomouvwa kolaborasyon lè yo te mete ansanm espesyalis devlopman kominote yo, fonksyonè eli lokal yo ak lidè biznis yo. Yo te pibliye tout konferans sa yo ansanm nan yon [livre](#) pou gouvènman lokal yo ak òganizasyon san bi likratif pou sèvi kòm yon resous kote pwogram ak sibvansyon eta finanse yo ka jwenn tout bagay yon sèl kote.

Vis Prezidan Prensipal AARP pou Pwogram Jean Setzfand a te di, “New York pral sèvi yon modèl, k ap montre lòt eta a yo chemen an”.

Beth Finkel, ki se Direktè AARP Eta New York, te deklare, “AARP New York la kontan anpil paske se eta pa nou an ki vin premye eta nan nasyon an Rezo ki Adapte a Granmoun Aje yo (Age-Friendly Network) rekonèt. Gouvènè Cuomo ap montre trè bèl vizyon, prevwayans ak lidèchip. Aksyon li pral fè moun panse sou kijan tout kominote nou yo estriktire pou benefisye non sèlman moun ki gan plis pase 50 an yo men pou tout Nouyòkè ki gen tout laj. Amelyorasyon toupatou atravè eta a tankou plisabri arè bis ak ban, pi bon twotwa ak lari ki adapte a pyeton, ak pak kote granparan yo ka mennen pitit pitit yo padan lè travay yo pral ede tout jenerasyon yo”.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Howard Zucker, te di, “Eta New York la vrèman meye lè li satisfè bezwen tout rezidan li yo. Lè nou fè li vin premye eta nan nasyon an ki adapte a granmoun aje yo, nou ap travay pou nou asire tout Nouyòkè pral gen aksè a kominote sen ki pi sekirize ak pi abitab, ki pral sèvi kòm yon enspirasyon pou lòt eta toupatou atravè peyi a yo. Sa se yon lòt egzanp ki montre kijan nou ap fè New York vin eta ki pi an sante pou moun ki gen tout laj”.

Greg Olsen, ki se Direktè Pwovizwa Biwo Eta New York pou Granmoun Aje la, te di, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan efò pou fè New York vin premye eta ki adapte a granmoun aje yo. Nouyòkè aje yo se eleman vital pou fanmi yo ak kominote yo, k ap kontribiyè ekonomikman, sosyalman, ak entèlektyèlman nan yon fason konsiderab atravè volontarya, angajman sivik, anplwa, ak touris. Kominote ki konprann epi ki adopte prensip abitabilite ak kwasans entèlijan yo se kominote ki an sante, ki se kote dinamik pou moun ki gen tout laj viv, sa ki pral atire nouvo rezidan epi retni rezidan ki la deja yo”.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Gouvènè Cuomo te tabli New York alatèt mouvman pou kreye kominote ki an sante, ki abitab pou moun ki gen tout laj. Nou kontan anpil paske AARP ak Òganizasyon Mondyal Lasante a rekonèt Eta New York kòm premye eta nan nasyon an yo ofisyèlman sètifye ki adapte a granmoun aje yo. Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè a se yon eleman prensipal nan apwòch kominote abitab eta a. Kritè seleksyon pwogram lan yo ak objektif pwogram lan yo konsantre sou konstriksyon sant vil ki gen opòtinite lwazi, kiltirèl, ak anplwa ki atiran

pou tout Nouyòkè, espesyalman granmoun aje ak milenè k ap estimilte kwasans iben yo”.

Manm Asanble Donna Lupardo, Prezidan Kominote Asanble a sou Vyeyès la te di, “Mwen kontan anpil pou angajman Gouvènè a pran anvè New York kòm yon Eta ki Adapte a Granmoun Aje yo. Deziyasyon sa montre jis ki kantite chemen eta a sa gentan pakouri an tèm de opòtinite lavi sen l ap bay tout rezidan nou yo. Mwen fyè pou m kontinye travay ak Gouvènè a ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a pandan n ap plis vanse devlopman kominote dirab ak abitab nan chak rejyon eta a”.

Fas a popilasyon an k ap vyeyi rapid la, AARP ak Òganizasyon Mondyal Lasante a te pran mezi pou ede devlope plis kominote ki adapte a granmoun aje yo. [Kominote Rezo ki Adapte a Granmoun Aje](#) AARP a yo ankouraje eta, vil, ti vil, ak konte yo pou yon konsantrè sou faktè anviwonmantal, ekonomik, ak sosyal k ap afekte sante ak byenèt popilasyon adilt la. WHO te devlope “[8 Domèn Abitabilite](#)”, ki se yon gid pou kreye kominote k ap ka pi akomode rezidan aje yo. Domèn yo gen ladan patisipasyon sivik ak aplwa; respè ak enklizyon sosyal; ak aksè a kominikasyon ak enfòmasyon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418